

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN


Métodeu panalungtikan téh mangrupa pakakas, prosedur, téhnik, atawa cara ilmiah anu dipilih dina ngalaksanakeun panalungtikan, pikeun nyangking data kalawan tujuan sarta mangpaat nu tangtu (Sugiyono, 2013:2 & Djajasudarma, 2006:4). Ku kituna, dina ieu panalungtikan téh data anu dicangking kudu ngarujuk dumasar kana métodeuna, sangkan hasil dina ieu panalungtikan téh luyu jeung kaayaan anu sabenerna.

Ieu panalungtikan téh kaasup kana panalungtikan kualitatif, nyaéta panalungtikan anu datana salian dina wangun angka, tapi dina wangun kekecapan, boh lisan, tulisan, atawa ogé barang anu ditalungtik kalayan gemet sangkan bisa nyangking ma'na tina hal anu ditalungtik (Arikunto, 2013). Métodeu anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta métodeu déskriptif, nu udagan dilarapkeunana téh pikeun ngadéskripsikeun sikep basa Sunda siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI.

Dina ieu bab téh dipedar hal-hal nu patali jeung métodeu panalungtikan, nyaéta désain panalungtikan, sumber data tina ieu panalungtikan, prosedur atawa alur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén atawa pakakas panalungtikan, sarta téhnik ngolah data hasil panalungtikan.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan téh mangrupa bagan nu eusina tahapan atawa léngkah-léngkah panalungtikan ti mimiti tatahar nepi ka nyusun laporan hasil panalungtikan. Désain panalungtikan disusun minangka rarancang tina léngkah-léngkah nu dilakukeun dina panalungtikan. Désain panalungtikan disusun sangkan panalungtikan nu dilakukeun téh lumangsung kalawan lancar jeung nyangking hasil nu nyugemakeun. Desain panalungtikan ogé disusun sangkan nu nalungtik teu ngalakukeun kasalahan dina panalungtikanana. Désain panalungtikan ogé disusun sangkan panalungtikan nu dilakukeun téh hasilna teu méngpar tina kontéksna. Ieu panalungtikan téh didésain sakumaha anu digambarkeun ku bagan 3.1.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Ieu Panalungtikan

Sumber data tina ieu panalungtikan téh nyaéta siswa kelas XI di SMA Laboratorium Percontohan UPI, taun ajaran 2024-2025. Lokasina aya di Jalan Sanjayaguru, No. 1, Kampus UPI Bumi Siliwangi, Kota Bandung. Kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI téh digolongkeun kana tilu rombel (rombongan belajar) anu kabagi deui jadi dalapan kelas. Pembagian kelas jeung rombel téh

ngawengku opat kelas régulér, tilu kelas bilingual, jeung hiji kelas tauhid. Anapon wincikan sumber data sacara lengkepna dicutat dina tabél 3.1.

Tabél 3.1 Wincikan Siswa Kelas XI di SMA Laboratorium Percontohan UPI

No.	Rombel	Kelas	Jumlah Siswa Perkelas	Jumlah Siswa
1.	Régulér	XI-1	33	108
		XI-2	31	
		XI-3	26	
		XI-4	18	
2.	Bilingual	XI Bil-1	22	58
		XI Bil-2	22	
		XI Bil-3	14	
3.	Tauhid		22	22
Total				188

Data nu dikumpulkeun téh mangrupa jawaban anu ditétélakeun ku sumber data, jeung teu diwangun ku angka.


3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan téh mangrupa léngkah-léngkah nu kudu dilakukeun panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikan. Prosedur panalungtikan miboga kalungguhan minangka padoman palaksanaan panalungtikan. Prosedur panalungtikan ditangtukeun sangkan panalungtikan nu dilakukeun téh lumangsung kalawan lancar, sarta hasilna nyugemakeun tur saluyu jeung rarancang awal.

Ieu panalungtikan téh miboga prosedur panalungtikan anu geus disusun saméméhna. Anapon prosedur tina ieu panalungtikan téh dimimitian ku tahap tatahar, anu ngawengku ngidéntifikasi masalah, nangtukeun judul, néangan réferénsi jeung panalungtikan saméméhna minangka conto, sarta nangtukeun jeung ngararancang instrumén panalungtikan. Saméméh ngumpulkeun data di lapangan, nu nalungtik ngajukeun peridinan ka sababaraha lembaga anu pakait atawa ngarojong ieu panalungtikan. Satuluyna, nu nalungtik ngumpulkeun data di

lapangan ngagunakeun téhnik angkét jeung wawancara. Sanggeus data kakumpul, nu nalungtik ngolah data ku cara ngarékapitulasi, tabulasi, nganalisis, ngadéskripsikeun, jeung nafsirkeun data. Data nu geus diolah satuluyna dicindekkeun tur dilaporkeun dina wangun skripsi.

Sangkan leuwih jelas, prosedur panalungtikan nu dilakukeun téh digambarkeun ku bagan 3.2.



Bagan 3.2 Prosedur Panalungtikan

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan, nu nalungtik ngagunakeun angkét jeung wawancara pikeun ngumpulkeun datana. Angkét digunakeun minangka téhnik utama dina ngumpulkeun data. Wawancara dilakukeun minangka téhnik tambahan, anu mangrupa léngkah pikeun ngavérifikasi data nu dicangking tina angkét, jeung ogé pikeun nyangking informasi tambahan anu diperlukeun.

Nu nalungtik ngumpulkeun data dina jam pangajaran basa Sunda di unggal kelasna séwang-séwang. Saméméh prak ngumpulkeun data, nu nalungtik nepikeun instruksi atawa pituduh heula ka sakabéh sumber data. Tuluy, nu nalungtik nunjuk saurang siswa pikeun dijadikeun koordinator kelas. Laju, nu nalungtik ngabagikeun angkét ka koordinator kelas heula, anu satuluyna disumbarkeun ka sakabéh réspondén. Angkét dicutat sacara digital dina *platform Google Form*, tur disumbarkeun ngaliwatan tautan nu dibagikeun dina aplikasi *WhatsApp*. Angkét nu dibagikeun téh dieusian ku sakabéh réspondén, utamana nu hadir dina éta poé. Sési ngeusian angkét dibuka ti sabada tautan dibagikeun, jeung ditutup jam 20.00 WIB dina unggal poéna.

Wawancara dilakukeun ku dua nepi opat narasumber atawa sumber data di unggal kelasna. Narasumber anu diwawancara téh dipilih ngaliwatan undian, atawa aya nu ngajukeun diri pikeun diwawancara. Ieu téhnik téh dilakukeun sacara *bergiliran* (sorangan-sorangan) atawa ogé babarengan, gumantung kasapukan sakabéh narasumber. Saupama wawancara téh dilakukeun sacara *bergiliran*, narasumber séjén nu bakal diwawancara téh bisa ngadagoan heula sabari ngeusian angkét panalungtikan. Kitu deui jeung narasumber nu geus diwawancara, bisa nuluykeun deui pikeun ngeusian angkét panalungtikan téa. Nu nalungtik macakeun patalékan, anu satuluyna dijawab ku narasumber. Jawabanana dicutat dina buku catetan sangkan informasina leuwih babari pikeun dicangking.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén atawa pakakas panalungtikan téh nyaéta alat nu digunakeun dina panalungtikan, nu miboga fungsi pikeun ngukur fénoména alam jeung sosial nu diperhatikeun sacara taliti (Sugiyono, 2013). Dina ieu panalungtikan, ngagunakeun dua instrumén sangkan nyangking data jeung hasil anu nyugemakeun. Anapon instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta angkét jeung padoman wawancara.

a. Angkét Panalungtikan

Angkét panalungtikan anu digunakeun téh disusun dumasar kana tilu komponén sikep basa anu ditétélakeun ku Krech et al. (dina Rokhman, 2013:44),

nyaéta komponén kognitif, aféktif, jeung konatif. Eusina ngawengku (1) kasang tukang réspóndén; (2) wawaran ngeunaan basa nu digunakeun ku réspóndén; (3) pola makéna basa nu dilakukeun réspóndén dina komunikasi sapopoé; sarta (4) daptar pertélaan nu patali jeung sikep basa Sunda réspóndén. Aya 30 pertélaan nu kudu dijawab ku réspóndén, dikelompokkeun jadi tilu bagéan dumasar kana tilu ciri sikep basa nu ditétélakeun ku Garvin jeung Mathiot (dina Chaer jeung Agustina, 2004:152), anu ngawengku sikep kasatiaan, kareueus, jeung kasadaran (kana ayana norma) basa Sunda. Éta 30 pertélaan téh dijawab ku réspóndén ngagunakeun skala likert. Skala likert digunakeun pikeun ngukur sikep, kamandang, atawa persépsi réspóndén kana basa Sunda (Sugiyono, 2013:93). Skala likert nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh ditangtukeun ku angka, anu ngawengku angka: (5) satuju pisan; (4) satuju; (3) nétral; (2) teu satuju; jeung (1) teu satuju pisan. Ku ngagunakeun skala likert, réspóndén bisa leuwih babari dina nétélakeun jawabanana. Sangkan leuwih jelas, pertélaan anu dijawab ngagunakeun skala likert téh dicutat dina tabél 3.2.

Tabél 3.2 Skala Likert

No.	Pertélaan	Skala Kasatiaan Basa				
		5	4	3	2	1
1.	Ngagunakeun basa Sunda dina paguneman sapopoé jeung kulawarga.		✓			
2.	Ngagunakeun basa Sunda dina paguneman sapopoé jeung guru.			✓		
3.	Ngagunakeun basa Sunda dina paguneman sapopoé jeung babaturan.				✓	
4.	Ngagunakeun basa Sunda dina situasi formal, saperti nalika diajar di kelas.			✓		

5.	Penting pisan bisa ngagunakeun basa Sunda keur urang Sunda.	✓				
Jumlah		1	1	2	1	0

Angkét anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh disusun dina dua basa, nyaéta basa Sunda jeung basa Indonésia. Angkét anu disusun ngagunakeun basa Sunda téh ditujukeun pikeun nalungtik siswa di kelas régulér jeung tauhid. Sedengkeun, angkét anu disusun ngagunakeun basa Indonésia ditujukeun pikeun nalungtik siswa di kelas bilingual. Ieu hal téh nginget kana réana siswa di kelas XI bilingual anu teu bisa basa Sunda. Anapon angkét nu disusun ngagunakeun basa Sunda téh diduplikasi, anu mana hiji angkét ditujukeun ka siswa di kelas régulér, jeung angkét nu séjénna ditujukeun ka siswa kelas tauhid. Ieu hal téh dilakukeun sangkan nu nalungtik bisa maluruh sacara jelas bébédaan sikep basa Sunda nu dipiboga ku siswa kelas régulér jeung tauhid.

Ieu angkét téh dicutat jeung disumebarkeun sacara digital ngagunakeun *platform Google Form*. Anapon angkét nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh disumebarkeun ngaliwatan tautan *Google Form* di handap.

- 1) Kelas régulér: <https://forms.gle/iyupAhGXXg4XJZby7>
- 2) Kelas tauhid: <https://forms.gle/LLgnjke4rmyEJBMA>
- 3) Kelas bilingual: <https://forms.gle/76zDT7G33kFwQ37h7>

Anapon kisi-kisi angkét nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh dicutat dina tabél 3.2.

Tabél 3.3 Kisi-kisi Padoman Angkét

No.	Komponén	Sub Komponén	No. Soal
1.	Kasatiaan	Tarékah réspondén ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé.	No. 4A (1-10)
2.	Kareueus	Tarékah réspondén ngagunakeun basa Sunda salaku lambang idéntitas hiji kelompok masarakat.	No. 4B (1-10)

3.	Kasadaran	Pentingna tetekon basa dina komunikasi sapopoé.	No. 4C (1-10)
4.	Kognitif	Kapercayaan atawa kayakinan réspondén dina ngagunakeun basa Sunda.	No. 2, 3, jeung 4
5.	Aféktif	Sikep réspondén dina ngagunakeun basa Sunda.	No. 2, 3, jeung 4
6.	Konatif	Kaayaan atawa kagiatan nu disanghareupan ku réspondén.	No. 2, 3, jeung 4
7.	Faktor-faktor anu mangaruhan kana sikep basa	Dipaluruh sacara babarengan tina sikep kasatiaan basa, kareueus basa, kasadaran kana ayana norma basa.	No. 2, 3, jeung 4

Anapon pertélaan ngeunaan sikep kasatiaan, kareueus, jeung kasadaran kana (ayana norma) basa Sunda nu digunakeun dina angkét panalungtikan téh saperti nu dicutat dina tabél 3.3, 3.4, jeung 3.5.

Tabél 3.4 Daptar Pertélaan Ngeunaan Sikep Kasatiaan Basa Sunda

No.	Pertélaan	Kodeu Pertélaan
1.	Ngagunakeun basa Sunda dina paguneman sapopoé jeung kulawarga.	A.1
2.	Ngagunakeun basa Sunda dina paguneman sapopoé jeung guru.	A.2
3.	Ngagunakeun basa Sunda dina paguneman sapopoé jeung babaturan.	A.3
4.	Ngagunakeun basa Sunda dina situasi formal, saperti nalika diajar di kelas.	A.4

5.	Penting pisan bisa ngagunakeun basa Sunda keur urang Sunda.	A.5
6.	Saupama aya jalma atawa babaturan nu teu lancar basa Sunda alusna mah ulah nyarita ngagunakeun basa Sunda.	A.6
7.	Saupama boga adi, basa nu mimiti diajarkeun nyaéta basa Sunda.	A.7
8.	Penting pisan bisa ngagunakeun basa anu dipaké ku indung ogé ku bapa.	A.8
9.	Kudu ngabéla saupama aya nu ngahina atawa ngagogoréng basa Sunda.	A.9
10.	Alusna mah, nalika ngagunakeun basa Sunda teu diseselan atawa dicampur jeung basa séjén.	A.10

Tabél 3.5 Daptar Pertélaan Ngeunaan Sikep Kareueus Basa Sunda

No.	Pertélaan	Kodeu Pertélaan
1.	Penting ngagunakeun basa Sunda di tempat umum (<i>mall</i> , taman, jeung sajabana.	B.1
2.	Penting ngagunakeun basa Sunda di luar wewengkon Provinsi Jawa Barat.	B.2
3.	Penting umajak ka batur pikeun ngagunakeun basa Sunda.	B.3
4.	Ngagunakeun basa Sunda dina ngamimitian paguneman.	B.4
5.	Nyarita ngagunakeun basa Sunda téh sok dianggap <i>kampungan</i> .	B.5
6.	Leuwih reueus kana basa Sunda tibatan basa séjén.	B.6
7.	Ngawanohkeun sababaraha kekecapan atawa istilah dina basa Sunda ka babaturan nu lain urang Sunda, pikeun ngaronjatkeun éksisténsi basa Sunda.	B.7
8.	Diajar basa Sunda téh leuwih mangpaat tibatan diajar basa séjén.	B.8

9.	Leuwih kaharti nyarita ngagunakeun basa Sunda tibatan basa séjén.	B.9
10.	Nalika nyarita ngagunakeun basa Sunda di hareupeun babaturan nu teu ngarti basa Sunda téh dianggap teu sopan.	B.10

**Tabél 3.6 Daptar Pertélaan Ngeunaan Sikep Kasadaran
kana Ayana Norma Basa Sunda**

No.	Pertélaan	Kodeu Pertélaan
1.	Bisa ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina paguneman.	C.1
2.	Penting ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina paguneman.	C.2
3.	Ngabebener babaturan nu teu luyu dina ngagunakeun tatakrama basa Sunda nalika gunem atawa nyarita.	C.3
4.	Babaturan nu teu ngagunakeun basa Sunda lemes dianggap teu bisa basa Sunda.	C.4
5.	Tatakrama basa Sunda ngabalukarkeun jalma jadi rumasa sieun atawa horéam ngagunakeun basa Sunda dina paguneman.	C.5
6.	Kumaha sawangan Hidep kana kalimah “Pun bapa angkat ka kantor, kuring mios ka sakola”?	C.6
7.	Kumaha sawangan Hidep kana kalimah “Hayu urang botram di bumina Ririn!”?	C.7
8.	Kumaha sawangan Hidep kana kalimah “Mang Firman mulang ti Cianjur basa kuring wangsul ti sakola”?	C.8
9.	Kumaha sawangan Hidep kana kalimah “Di pasar mah pun biang ngagaleuh sayur, sedengkeun kuring mah mésér kuéh”?	C.9
10.	Kumaha sawangan Hidep kana kalimah “Nini kulem dina kasur, kuring mondok dina korsi”?	C.10

b. Padoman Wawancara

Padoman wawancara digunakeun pikeun nyangking data sacara tinulis. Padoman wawancara digunakeun dina ngalakukeun téhnik wawancara, anu miboga tujuan pikeun ngavérifikasi data nu dicangking tina angkét, sarta pikeun nyangking leuwih réa informasi séjénna ti sababaraha narasumber. Padoman wawancara nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh ngawengku idéntitas narasumber (wasta, kelas, umur, jenis kelamin, jeung padumukan), sarta daptar patalékan. Narasumber kudu ngajawab 24 patalékan, anu kabagi kana genep poin. Anapon poin-poin anu dimuat dina padoman wawancara téh ngeunaan kasang tukang narasumber, kabiasaan narasumber nu patali jeung makéna basa, pangalaman narasumber dina diajar basa Sunda, sikep narasumber kana basa Sunda, faktor nu mangaruhan sikep narasumber kana basa Sunda, jeung saran ti narasumber pikeun pangajaran basa Sunda di kelas.

Anapon kisi-kisi padoman wawancara anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh dicutat dina tabél 3.6.

Tabél 3.7 Kisi-kisi Padoman Wawancara

No.	Poin	Jumlah Patalékan
1.	Kasang tukang narasumber	5
2.	Kabiasaan narasumber nu patali jeung makéna basa	5
3.	Pangalaman narasumber dina diajar basa Sunda	5
4.	Sikep narasumber kana basa Sunda	4
5.	Faktor nu mangaruhan sikep narasumber kana basa Sunda	3
6.	Saran ti narasumber pikeun pangajaran basa Sunda di kelas	2
Total		24

3.6 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data, nu nalungtik nganalisis data nu dihasilkeun tina dua téhnik ngumpulkeun data nu dilakukeun téa, nyaéta ngeusian angkét jeung ngalakukeun

wawancara. Sacara gurat badag, nu nalungtik ngolah data hasil panalungtikan ku cara ngalakukeun sababaraha léngkah di handap.

1. Nu nalungtik ngarékapitulasi data nu aya dina angkét, anu hasil statistikna sacara otomatis geus dicutat ku *platform Google Form*.
2. Sababaraha nu kacangking tina angkét téh aya anu ditabulasi heula atawa diasupkeun kana tabél, sangkan babari diitung jeung dianalisis.
3. Data nu geus ditabulasi téh diitung heula, sangkan babari dianalisis jeung dicindekkeun.
4. Data hasil wawancara ogé dirékapitulasi ku cara dipindahkeun kana padoman wawancara anu disusun sacara digital dina *platform Microsoft Word*. Pikeun mindahkeunana, nu nalungtik ngetik ulang jawaban narasumber nu saméméhna dicutat dina buku catetan.
5. Dina ngarékapitulasi data hasil wawancara, nu nalungtik nyirian unggal narasumber ku cara méré kodeu. Kodeu nu dibérékeun téh ditangtukeun dumasar asal kelas narasumber, jeung narasumber ka sabaraha nu diwawancara. Contona kodeu “XI.R1-1”, anu mana “XI.R1” téh hartina “narasumber ti kelas XI-1 (XI régulér 1)”, jeung angka hiji (1) sabada gurat panyambung téh hartina “narasumber kahiji anu diwawancara”. Ku kituna, éta kodeu téh bisa dibaca “narasumber kahiji ti kelas XI régulér 1”. Kitu deui jeung narasumber ti kelas séjénna anu dibéré kodeu ogé, gumantung kana asalna ti kelas mana, jeung giliran ka sabaraha éta narasumber téh diwawancara. Anapon kodeu narasumber atawa siswa anu diwawancara téh sacara lengkepna dicutat dina tabél 3.7.

Tabél 3.8 Daptar Kodeu Narasumber

No.	Rombel	Kelas	Kodeu Narasumber
1.	Régulér	XI-1	XI.R1
		XI-2	XI.R2
		XI-3	XI.R3
		XI-4	XI.R4
2.	Bilingual	XI Bil-1	XI.B1

		XI Bil-2	XI.B2
		XI Bil-3	XI.B3
3.	Tauhid		XI.T

6. Laju, nu nalungtik nganalisis sakabéh data panalungtikan, boh tina angkét nu geus diitung sacara otomatis atawa *manual* (diitung sorangan), boh tina hasil wawancara nu geus dirékapitulasi. Data nu dihasilkeun tina angkét téh dibandingkeun tur divérifikasi jeung data nu dihasilkeun tina wawancara.
7. Satuluyna, data nu geus dianalisis téh didéskripsikeun luyu jeung sakumaha ayana. Tujuanna sangkan data jadi leuwih babari pikeun ditafsirkeun.
8. Data nu geus didéskripsikeun satuluyna ditafsirkeun, pikeun nyiptakeun sababaraha kacindekan nu patali jeung rumusan masalah tina ieu panalungtikan.
9. Ti dinya, nu nalungtik bakal nyindekkeun sikep siswa kelas XI SMA Laboratorium Percontohan UPI kana basa Sunda. Nu nalungtik ogé maluruh faktor-faktor naon baé nu mangaruhan kana sikep basa sumber data. Tina éta ogé, kapaluruh sikep siswa kelas XI kana pangajaran basa Sunda di kelas.
10. Data dilaporkeun dina skripsi, utamana mah dina bab IV (opat) anu eusina ngeunaan hasil jeung pedaran panalungtikan.